

Kesyon Moun Poze Souvan

Kijan yon elèv kalifye pou transpò nan otobis?

Elèv ki rezidans yo ki depase distans maksimòm pou mache soti lekòl la elijib pou sèvis transpò a. Distans maksimòm pou mache soti lakay pou lekòl la se 1 kilomèt pou elèv elemantè ak elèv twazyèm sik yo (klas K-8) epi 2 kilomèt pou elèv lekòl segondè yo (klas 9-12). Bezwen pou elèv ki genyen bezwen espesyal oswa ki viv nan zòn kote lè li mache sa kapab pa an sekirite pou evalye sou yon baz ka pa ka.

Nan ki distans yon arè otobis lekòl ka ye pou lekòl la?

Maksimòm distans pou mache soti lakay pou ale nan arè otobis ki dezinye a similè ak distans pou mache al lekòl la: 1 kilomèt pou elèv elemantè ak elèv twazyèm sik epi 2 kilomèt pou elèv lekòl segondè. Yo ankouraje paran ak gadyen legal yo pou mache mennen timoun yo nan arè otobis la epi kontwole konpòtman yo jiskaske elèv la antre nan otobis la.

Èske mwen kapab itilize yon lòt adrès pou pwosesis transpò a(ki enkli, babysitter)?

Non, politik distri a di fòk yo fè aranjman pou sèvis transpò a pou elèv ki nan adrès lakay ki anrejistre nan baz done PowerSchool distri a.

Tout modifikasyon nan yon wout pou otobis la dwe soumèt alekri bay sal pwofesè timoun ou an.

Tanpri sonje ke tout timoun k ap montre otobis la dwe mete yon pwoteksyon pou vizaj.

OU TOUJOU GENYEN KESYON?

Pou kesyon konsènan adrès elèv ou an, tanpri kontakte sekretè lekòl ou an.

Se politik distri a pou kreye wout pou otobis la ak itilizasyon adrès yon elèv jan li anrejistre nan baz done distri a, ki rele PowerSchool.

Pou kesyon konsènan lokalizasyon otobis la oswa lòt kesyon konsènan operasyon chak jou otobis la, tanpri kontakte:

Andrew Iffil

Direktè Transpò WE

Telefòn: 1-(203) 883-8467

Imèl: BPS-Services@WeTransport.com